

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Basa mangrupa alat interaksi sosial atawa alat komunikasi manusa. Dina prosés komunikasi, manusa bisa silih tukeur informasi. Dina kahirupan sapopoé, basa dipaké patali marga papada manusa. Patali marga dina basa téh hakékatna mah nepikeun jeung narima wawaran nu mangrupa rasa, pikiran, jeung kahayang anu ilahar disebut komunikasi.

Manusa dina ngedalkeun eusi pikiran sarta eusi haténa boh kabungah atawa kasedih téh ngaliwatan basa. Nurutkeun Sudaryat (2004, kc. 24) nétélakeun yén basa mangrupa salah sahiji pakakas anu dipaké ku manusa dina hirup kumbuhna. Sistem basa ngawujud hiji komponén-komponén anu miboga aturan nu tangtu jeung unggal bagianna miboga fungsi dumasar kaidah anu silih deudeul nepi ka masarakat bisa komunikasi. Waktu ngayakeun komunikasi, panyatur jeung pamiarsa maké medium basa nu ngawujud omongan minangka gambaran polah ucap nu tangtu.

Palébah dieu, polah ucap téh nangtukeun pisan hasil henteuna komunikasi basa. Lamun salah polah ucap, bisa salah komunikasi. Lamun salah komunikasi bisa salah harti, antara panyatur jeung pamiarsa dina patalina marga (*missunderstanding*).

Komunikasi basa bisa lumangsung dina medium boh basa lisan boh basa tulisan. Komunikasi medium basa lisan ébréh saperti dina paguneman sapopoé, khutbah, pidato, jeung conto séjénna. Ari komunikasi medium tulisan ébréh saperti dina buku, majalah, koran, jeung karya sastra, upamana komunikasi tulisan dina karya sastra naskah drama “*Nagri Katumbiri*”. Boh dina komunikasi lisan boh dina komunikasi tulisan saperti naskah drama “*Nagri Katumbiri*” kapanggih aya runtuyan kalimah-kalimah anu jadi polah ucap. Polah ucap dina naskah drama téh kaasup anu has, nu béda jeung dina paguneman alias media tulis séjénna. Nepi ka kiwari, polah ucap nu aya dina naskah drama “*Nagri Katumbiri*” téh can kungsi aya nu ngaguar padahal polah-polah ucap némbongkeun ciri has tur mandiri, boh lokusi, ilokusi boh perlokusina.

Sok sanajan kitu, ari ulikan polah ucap dina wacana basa Sunda téh lain barang anyar. Panalungtikan ngeunaan polah ucap nu kungsi aya di antarana waé (1) “Analisis Fungsi Tindak Tutur dina Naskah Drama Meredong karya Rossyid E Abby” ku Mardian Chindra Ramadhan dina taun 2013. (2) “Tindak Tutur Basa Sunda (Tilikan Pragmatik tina Ungkara Kaos Bobotoh Persib) ku Febby Nurriyanti Irwansyah taun 2013. (3) “Tindak Komunikasi Verbal jeung Nonverbal dina Drama Sunda: Analisis Omongan jeung Kinesik dina Drama Sunda Juragan Hajat Karya Kang Ibing”.

Éta panalungtikan téh ngulik jeung medar polah ucap dina wacana anu béda-béda. Panalungtikan anu kahiji panulis nalungtik fungsi polah ucap taun 2014. Dina fungsi polah ucapna saperti fungsi diréktif, asértif, éksprésif, komisif, jeung déklaratif. Panalungtikan kadua nyaéta nalungtik ungkara anu aya dina kaos bobotoh persib boh tina segi wandana, boh tina segi fungsina. Judul panalungtikan katilu nyaéta panulis lain ngan saukur nalungtik tindak komunikasi verbal na hungkul tapi nalungtik ogé tindak komunikasi nonverbal nyaéta anu ngawengku kinésik atawa gerak awak.

Ieu panalungtikan ogé ngulik jeung medar polah ucap dina naskah drama “*Nagri katumbiri*” najan sarua pada-pada ngulik polah ucap, tapi aya bédana. Ari bédana panalungtikan ieu jeung panalungtikan séjénna nyaéta salian ti medar wanda polah ucap jeung fungsi polah ucap, dina panalungtikan ieu ogé dipatalikeun kana pangajaran maca di SMA. Kukituna, ieu panalungtikan “Polah Ucap Basa Sunda dina Naskah Drama Nagri Katumbiri Karya Nazarudin Azhar pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA (Tilikan Pragmatik)” perlu dilakukeun.

1.2 Rumusan Masalah

Masalah dina ieu panalungtikan bisa dirumuskeun dina wangun pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha wanda polah ucap basa Sunda dina naskah drama *Nagri Katumbiri*?
- 2) Kumaha fungsi polah ucap dina naskah drama *Nagri Katumbiri*?
- 3) Kumaha polah ucap dina naskah drama *Nagri Katumbiri* lamun dijadikeun bahan pangajaran maca di SMA?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Ieu panalungtikan téh pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun wanda jeung fungsi polah ucap basa Sunda dina naskah drama *Nagri Katumbiri* karya Nazarudin Azhar. Salian ti éta, ieu panalungtikan miboga tujuan umum nyaéta pikeun nambahan référénsi ngeunaan polah ucap basa sunda dina pangajaran basa Sunda, sarta pikeun maluruh jeung medar sacara pragmatik ngeunaan wanda jeung fungsi polah ucap jeung bisa dijadikeun bahan pangajaran maca di SMA.

1.3.2 Tujuan Khusus

Ieu panalungtikan téh sacara husus boga tujuan pikeun ngadéskripsikeun tilu hal, nyaéta:

- 1) Wanda polah ucap anu aya dina naskah drama *Nagri Katumbiri*;
- 2) Fungsi polah ucap dina naskah drama *Nagri Katumbiri*; jeung
- 3) Polah ucap dina naskah drama *Nagri Katumbiri* pikeun bahan pangajaran maca di SMA.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis panalungtikan téh aya mangpaatna pikeun élmu pragmatik, ari sababaraha eusina ngulik jeung ngadéskripsikeun wanda polah ucap dina naskah drama *Nagri Katumbiri*, fungsi polah ucap dina naskah drama *Nagri Katumbiri*, wanda jeung fungsi polah ucap basa Sunda dina naskah drama *Nagri Katumbiri* dijadikeun pikeun bahan pangajaran maca di SMA.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis mangpaat tina ieu panalungtikan nyaéta 1) pikeun guru, bisa dijadikeun référénsi pikeun bahan ajar basa Sunda; 2) pikeun siswa, bisa dipaké pikeun numuwuhkeun élmu pangaweruh ngeunaan naskah drama; 3) pikeun pangajaran, bisa dijadikeun bahan acuan dasar pikeun bahan pangajaran maca hususna pangajaran basa Sunda di sakola.

1.5 Raraga Tulisan

Bab I bubuka, eusina ngawengku kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan nepi ka raraga tulisan.

Bab II ulikan téori, eusina ngeunaan wanda polah ucap basa Sunda, fungsi polah ucap, nepi ka bahan pangajaran maca di SMA.

Bab III métodeu panalungtikan, eusina métodeu panalungtikan, desain panalungtikan, instrument panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, téhnik ngolah data, sarta sumber data anu dipaké dina ieu panalungtikan.

Bab IV hasil panalungtikan jeung pedaran, eusina hasil panalungtikan. Dina ieu bab dipedar hasil panalungtikan wanda polah ucap dina naskah drama *Nagri Katumbiri*, fungsi polah ucap dina *Nagri Katumbiri*, nepi ka dipatalikeunna hasil panalungtikan jeung bahan pangajaran maca di SMA.

Bab V kacindekan, implikasi, jeung saran, minangka hasil jeung simpulan dina ieu panalungtikan. Salian ti éta ogé aya rékomendasi anu ditepikeun ku nu nulis ka nu maca.